районына 631,0 млн. сўм, Қанлыкөлге 707,0 млн. сўм, Тахтакөпирде 712,0 млн. сўм ҳәм Шоманайда 792,0 млн. сўм, Нөкис районда 713,0 млн. сўм муғдарында жеңилликли ҳәм узақ мүддетли кредитлер ажыратып берилди. 2011- жылы 1548,8 млрд. сўм, 2012 - жылы 208,5 млрд, сўм, 2013 - жылы 271,4 млрд. сўм, 2014 - жылы 364,4 млрд. сўм кредитлер ажыратылды.

Жаратылған жумыс орынларының 42,1% ы киши кәрхана ҳәм микрофирмаларды раўажландырыў, соннан 33,3% ы (16686) хызмет көрсетиў ҳәм сервис тараўында; 1,5% ы (766) ири объектлерди иске түсириў кеңейтиў ҳәм қайта қурыў; 9,3% ы (4628) ислеп шығарыў, социаль ҳәм базар инфраструктурасын раўажландырыў; 0,8% ы (403) ислемей атырған кәрханалар хызметин тиклеў; 5% ы (2515) жеке тәртиптеги исбилерменликти раўажландырыўға; 18,9% ы (9463) үй мийнетиниң барлық түрлерин шөлкемлестириўге; 22,4% ы (11221) фермер ҳәм дийхан хожалықларын раўажландырыў есабынан жаратылды. Сондай-ақ жаратылған жумыс орынларының 88,7% ы аўыллық жерлерде ашылып, соннан 41,9% ы ҳаял-қызлар ушын шөлкемлестирилди. Бул мақсетлерге жәми 119,5 млрд. сўм яки бир жаңа жумыс орны ушын орташа 2,4 млн. сўм сарыпланды.

Көрилген бул илажлар нәтийжесинде 2013 - жылға қарағанда 2014 - жылы бәнт халық саны 610,5 мыңнан 621,0 мыңға, орташа ис ҳақы 1056,2 мың сўмнан 1221,6 мың сўмға шекем (157,7%) асқан. Жумыссызлар саны 39,8 мыңнан 35,7 мыңға ҳәм жумыссызлық дәрежеси 60,1% дан 54,0% ға, яғный 0,7% ға кемейди. Жаңа жумыс орынлары ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеўде өткен жылы орайлық банктиң қайта финансластырыў ставкасы кемейтилгени себепли исбилерменлер тәрепинен 2013 - жылға қарағанда 134,1% яғный 364,4 млрд. сўмлық кредит қаржылары өзлестирилди. Соның есабынан Қарақалпақстанда 2014-жылда 49827 жумыс орынларын жаратыў режелестирилип, әмелде 50062 (реже 100,5% ға) жаңа жумыс орынлары ашылды. Районлар кесиминде барлық бағдарлар бойынша жаратылатуғын жаңа жумыс орынлары бойынша ең жоқары көрсеткишти 101,1% орынланған районлар Қанлыкөл ҳәм Тахтакөпир районы, ал ең аз көрсеткиш Нөкис районы 100,1% орынланған. Соның менен бирге, жумыссыз иске жайластырыў ҳәм жаңа жумыс орынларын ашыў мақсетинде 2014-жылда мониторинг нәтийжелери бойынша республика бойынша 1098 объекттен жәми 8647 жаңа жумыс орынларын ашыў белгиленип 2014-жылдың жуўмағы бойынша 884 объекттен 7905 жаңа жумыс орынлары ашылып, бул илажлардың орынланыўы 91,4% ке орынланды. Президентимиз колледж питкериўшилери бәнтлигин тәмийинлеўди актуаль ўазыйпалардан бири етип берген еди.

2013-2014-оқыў жылында 103 академиялық - лицей ҳәм кәсип-өнер колледжлерде жәми 26441 оқыўшы питкерген болса, кәсип-өнер колледжлерди питкерген 24114 оқыўшының (11682 қызлар) 21314 тиң (88,4%) бәнтлилиги тәмийинленген. Яғный 20341 (84,4%) жумысқа жайласқан, 973 оқыўшы (4,0%) жоқары оқыў билимлендириў орынларына оқыўға кирген.

Жасларды, әсиресе 5963 жаслар жалп етилген болып, соннан 3714 кәсип - өнер колледж питириўшилерин пайда еткен.

Жәми ярмаркаға (бәнтлилик ярмаркасы) 5963 жаслар жалп етилген болып, соннан 3714 кәсип-өнер колледж питкериўшилериниң 1145 жумысқа жайласыў ушын жоллама алып, соннан 1417 питкериўши жумысқа жайластырылды, ал 38 питкериўши ис ҳақы төленетуғын жәмәәт ислерине жиберилди, 2231 питкериўши мәсләҳәт алған. Буннан тысқары 2014 - жыл коммерциялық банклер тәрепинен кәсип-өнер колледжлери питкериўшилерине өз бизнесин баслаў ушын 853 питкериўшиге жәми 6,7 млрд. сўм муғдарында (реже 101%) кредитлер ажыратылды [3].

Изертлеўлер нәтийжесинде жумыссызлық дәрежеси өсиўине тәсир етиўши факторлары анықланды: хожалық жүритиўдиң базар прициплерине өтиўи нәтийжесинде жумысшы орынлары санының қысқарыўы; кәрханаларға жаңа техника-технологиялардың енгизилиўи; заманагөй әсбап-үскенелер менен қуралланған қосымша кәрханалардың дүзилиўи ҳәм бул кәрханаларда бәнт болған қәнигелерден терең билим ҳәм тәжирийбе талап етиледи. Сондай-ақ, жумыссызлық дәрежеси өсиўине де экономикалық ҳәм социал факторлар да себеп болған.

Мәмлекетте бәнтликти оптималластырыў мәселеси төмендегише:

- хызметтиң көп түри менен шуғылланатуғын жеке кәрханалар, биринши гезекте, аўыл хожалығы өнимлерин қайта ислейтуғын кәрханалар, раўажландырылыўы халықтың тутыныў буйымлары, қурылыс материаллары жергиликли шийки затты қайта ислейтуғын кәрханалар, халық тутыныў буйымлары, қурылыс материалларын жергиликли шийки заттан ислеп шығарыўды хошаметлеў, сондай-ақ, жеке исбилерменликти кеңейтиўге шәрт-шараят жаратыў;
- хызмет көрсетиў тараўын раўажландырыў, әсиресе, аўыллық жерлерде халыққа көрсетилетуғын социаль– хызмет көрсетиў ҳәм қурылыс хызметлери түрлерин сезилерли дәрежеде кеңейтиў.


**Әдебиятлар**

1. Бош мақсадимиз − мавжуд қийинчиликларга қарамасдан, олиб бораётган ислоҳотларни, иқтисодиётимизда таркибий ўзгаришларни изчил давом эттириш, хусусий мулкчилик, кичик бизнес ва тадбиркорликка янада кенг йўл очиб бериш ҳисобидан олдинга юришдир -мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Президенти И.А.Каримовнинг «Мамлакатимизни 2015 йилда ижтимоий-иқтисодий ривожлантришнинг якунлари ва 2016 йилга мўлжалланган иқтисодий дастурнинг энг муҳим устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг кенгайтирилган мажлисидаги маърузаси. /«Халқ сўзи» 2016, 16 январь, №11 (6446).
2. Каримов И. "Она юртимиз бахту иқболи ва буюк келажаги йўлида хизмат килиш - энг олий саодатдир". -Тошкент: «Ўзбекистон» НМИУ, 2015.
3. Абдирахманов Қ.Х., Абдирахманов Х.Х. Аҳоли турмуш тарзи ва даромадлари. Ўкув қўлланма. -Т.: ТДИУ, 2011.
4. Ўзбекистон Республикасининг "Аҳолини иш билан таъминлаш тўғрисида"ги Қонуни.
5. Қарақалпақстан Республикасы статистика басқармасы мағлыўматлары.



**РЕЗЮМЕ**

Базар иқтисодиёти шароитида меҳнатга яроқли аҳолини меҳнат билан таъминлаш, ишсизликни бартараф этиш, меҳнат базорини тартибга солиш муҳим ҳисобланади. Мақолада аҳолини меҳнат билан таъминлаш тадбирлари, бандликни оптималлаштириш, ишсизликни келтириб чиқарувчи омиллар каби масалалар кенг ёритилган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается вопросам трудообеспеченности людей в рыночных условиях, ликвидации безработицы, ведения активной работы по урегулированию дисциплины рыночного труда. В статье отражены мероприятия по обеспечению занятости населения, а также вопросы опитимиза-ции занятости молодёжи.

**SUMMARY**

The article is devoted to the issues of labour employment in the conditions of the market economy in the country, liquidation of unemployment and other labor market regulations. The opportunities of occupied employment, issues of implementation of youth occupation have been studied in the article.


# TARIYX

## УЛЛЫ ЖИПЕК ЖОЛЫНДАҒЫ АРАЛ БОЙЫ ҚАЛАЛАРЫНЫҢ САЎДА ҲӘМ МӘДЕНИЙ БАЙЛАНЫСЫ


**Г.Акимниязова –** *ассистент оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** Устюрт текислиги, карвон-саройлар, миноралар, ҳунарманд ва савдо ўринлари.

**Ключевые слова:** Плато Устюрт, караван-сараи, башни, ремесленные и торговые места.

**Key words:** Plato Ustyurt, caravan-balaces, towers, handicraft and trade places.


Уллы Жипек жолы Мавераннахр қалалары сыяқлы Арал бойы Хорезм қалалары тарийхында үлкен әҳмийетке ийе болған. Үлкемиз қалаларының Жипек жолы мәдений диалоглар тарийхына тәсириниң еле де изертленбеген мәселелери бар. Атап айтқанда, саўда жолы тарийхында ҳәр бир Қубла Арал бойы, Хорезм алабының қаласы өз орны ҳәм әҳмийетине ийе болған. Әлбетте, Уллы Жипек жолы Арал бойының барлық қалалары үстинен өтпеген. Тек ғана географиялық жайласыўы қолайлы, раўажланған өнерментшилик санаатына ийе, саўда орайлары ғана бул жол менен тутасқан. Ерте орта әсирден баслап Арал бойы УЖЖ коммуникативлик системасының жетекши бағдары бойындағы елатларына айналды. Жергиликли қалалар Шығыс пенен Батысты тутастырған жол менен өз-ара қатнаслардың раўажланыўы, бир-бирине тәсирин күшейтти. Арал бойы қала турғынлары саўда ислери менен Шығыс ҳәм Батыс еллеринде белгили болды. Араб илимпазлары «Хорасан қалаларында көплеген Хорезм саўдагерлери жасайды» деп жазса, басқалары алыстағы Арал бойы жерлери шығыс еллерине қундыз, тыйын, түлки, ешки, оқ жай, славян, түрк қуллары, парша, сыр, темир, бронза қулыплар ҳәм т.б. өнимлер менен бирге алыстағы Қытайға замша, ғарбыз, ақ қант, қара дуз, гүмис қуйылмасы, соум өнимлерин алып барған. Өз гезегинде Қытай өними фарфор, селадон ыдыслары Үргениш, Миз-

дахкан, Пульжай ҳәм т.б. қалаларда ушырасқан. Сунь династиясы ўәкили Чжи дао басқарған ўақыттағы теңге Миздахканда табылған [1:35-36]. Арал бойы қалаларының Жипек жолы менен саўда қатнаслары нәтийжесинде Орта әсирлерде бул жерлерден экспорт, импортқа 40 тан аслам өним түрлериниң шығарылғанлығы жазба, материаллық дереклер менен тастыйықланады [2:14].

Ҳақыйқатында да, Уллы Жипек жолы тек ғана Шығыс пенен Батыс ортасындағы саўда-экономикалық байланыслар қуралы емес, әйне ўақытта Европаны руўхый оятқан өмирбақый жол болды. Орта Азияда тийкарынан, Самарқанд, Бухара, Хийўа, Ферғана, Кеш, Термиз, Үргениш (Гурганж) сыяқлы қалаларда айлап, жыллап жасаған шет елли саўдагерлер өз елине бул жерден көп ғана қәдириятларды, үлгили үрп-әдетлерди үйренип қайтқан.

Дийханшылық ҳәм ирригация системасының раўажланыўы, урбанизациялық процесслер Арал бойы елатларының илим ҳәм руўхый мәдениятының раўажланыўына үлкен тәсир етти. Бул жерде қәлиплескен анық билимлер, динийфилософиялық тәлийматлар раўажланыўы, аўыл-хожалығы, өнерментшилик, саўда, қурылыс ислери, қалалар мәденияты менен тығыз байланыслы. Хорезмшахлар сарайларында ертеден илимниң түрли тараўлары бойынша изертлеўлер алып барған алымлар жасаған. Олар математика, геометрия, астрономия, медицина, география, ирригация ҳәм дийханшылыққа байланыслы илимлер менен шуғылланған. Олардан Мухаммед Муса Хорезмий, Абу Абдаллах Хорезмий, Абу Райхан Беруний сыяқлы Орта әсир алымлар ҳәм данышпанлары болды. Хорезмшахлар – Мамунидлар ўақтында бул жерде «Дорул-ҳикма» («Мажлиси улама», 1004-ж. баслап) деп аталған илимий бирикпе жумыс иследи. Усы Мамун Академиясында жергиликли алымлар менен бирге медицина, философия, химия илимлерин изертлеген Ибн Сина (980-1037), Абу Саҳл Масиҳий (970-1042), ал Хужандий, ас Салибий (961-1038), тарийхтаныўшы ибн Мискавейх (1030-ж.), Абу Хаир ибн Ҳаммар (942-1018) ҳәм т.б илим изертлеў жумысларын алып барды. Олардың илимий дөретпелери дүнья илим пәниниң раўажланыўына тәсир жасады. Муса ал Хорезмийдиң «Алжабр ал муқобала» - «Алгебра»сы, Абу Райхан Берунийдиң «Картография», «Минералогиясы», Махмуд аз-Замахшарийдың (1075-1144) араб грамматикасына арналған «Муққаддиматул адаб» ҳәм т.б. Шығыс ҳәм Батыс илиминде жоқары баҳаланған, Орта әсир университетлеринде сабақлық сыпатында пайдаланған Гурганж Академиясының басшысы Абу Райхан Беруний (973-1048) жер жүзи дөңгелек екенин ҳәм ертедеги глобусты таярлаған, ай менен оның арасындағы аралықты анық өлшеген, жердиң арғы тәрепинде қурғақ (яғный Америка) барлығын илимий жақтан тийкарлап берди. Усы илимий орайда «Тиб нызамлары» менен Европаны үш-төрт әсир ҳайран қалдырған Абу Али Ибн Сино, тарийхшы Ибн Мискавейх, философ, шайыр Абу Хаир ибн Ҳаммар ҳәм басқалар көплеп илимий әмелий машқалаларды шешип, дүнья пәнлериниң раўажланыўына тәкирарланбас үлес қосқан. Алымлардың илимий шығармаларының таралыўына Уллы Жипек жолы бойындағы ҳәрекеттиң үлкен тәсири болды.

Қубла Арал бойы, елат, қалаларынан шыққан, мәдений тараўдағы жетискенликлер батыстағы «евроцентризм» – Европа орайшылық ўәкиллери: «Шығыс ҳәм Батыс сиңисе алмайды, барлық илимлер батыста пайда болған, шығыстағылар шын мәнисинде илимий жақтан ойланыўға мүтәж емес» - сыяқлы түсинигиниң қәте екенин көрсетеди. Бирақ Европаның алдыңғы көзқарастағы зыялылары тарийхый прогресске қалыс мүнәсибетте болған. Олардан Г.Гердер, В.Гете, А.Пушкин, Н.Чернышевский, Е.Бертельс, А.Крачковский, А.Мец, Н.Конрад ҳәм т.б. жәҳән мәденияты раўажланыўына Шығыстың, тийкарынан «Жипек жолы» бойы еллериниң орны жоқары болғаны ҳаққында илимий тийкарланған пикирлерди билдирген. Өзбекистан алымларынан М.М.Хайруллаев, А.Хайитметов «Ислам Ренессансы» Батыс ҳәм Орайлық Европадағы мәмлекетлер мәдениятынан алтыжети әсир бурын Шығыста, тийкарынан, Орайлық Азияда жүз бергенлигин дәлийллеген [4:8]. Бул унамлы мәдений қубылысты Эдинбург (Шотландия) университетиниң профессоры Уолт Монтгомэри Уоот ҳәм әдил баян етеди. Изертлеўши «Шығыс-Батыс Европа менен тек ғана өзиниң материаллық мәденияты ғана емес ҳәм техникалық ойлап табыўларда да ерискен жеңислерин бирге бөлисти, ол Европада илим пән ҳәм философияның раўажланыўындағы жеңислерин бирге бөлисти, ол Европада өзине өзи ҳаққында жаңаша ойлар жаратыўға да алып келди» деп жоқары баҳалайды.

Шынында да, Уллы Жипек жолындағы Арал бойы қалаларының илимпаз, уламалары, тарийхшылары Орта әсирде дүньяға кеңнен мәлим болды. Олардан Хийўа каласынан шыққан белгили илим ҳәм мәдений ғайраткерлери Наджимаддин Кубра (1145-1221), Шихабаддин Хиваки, Абылғазыхан (1603-1664), Мунис (1778-1829), Агаҳи (1809-1874) ҳәм тағы басқалар Орта Азия халықларының илимий мәдений тараўындағы ислерине үлес қосты.

Арал бойы қалаларының басқа елатлар менен байланысын, оларға Уллы Жипек жолының интеграциялық тәсирин Темурийлер дәўиринде де бақлаўымыз мүмкин. Сақыпқыран Амир Темур (1336-1405) ҳәм Темурийлер (XIV әсирдиң екинши ярымынан XVI әсир басларына дейин) Жипек жолындағы руўхый экономикалық байланысларды жаңа басқышқа көтерди. Амир Темур кәрўан жолларын жақсылаў, оларды түрли талан-тараждардан қорғап, илимли халқына қолай имканиятлар туўдырыўға үлкен итибар берди. «Кәсип-өнер ҳәм илим халқынан болса, ондайларға салтанат кәрханаларынан жумыс берилсин» [5:54] деген пәрман шығарды. Бул жағдайдан ел гезер усталар, алымлар, шайырлар, ойшыллар пайдаланып келди, жаңа шығармалар, ойпикирлерди раўажландырды. Нәтийжеде, моңғоллар жүрислери ўақтында тоқтап қалған Ренессанс дәўириндеги мәдений өсиўшилик қайта жанланды ҳәм илим-пәнниң раўажланыўының узақ әсирлерге азық берген қатламлары, жана ўәкиллери дүньяға келди. Амир Темурдың Шығыс Ренессансындағы уллы орны дәслеп оның архитектуралық ҳәм көркем-өнерин раўажландырыўға басшылығы менен белгиленеди. Амир Темур ҳәм Темурийлер заманында Арал бойы қалалары қайтадан жанланды.

Амир Темурдың орайласқан мәмлекетине қосылған Хорезм қалалары Өз-ара феодаллық урыслардан қутылды. Тарийхый дереклерде Амир Темур ҳәм Темурийлер дәўиринде Арал бойларында Хазарасп, Хийўа, Қат-Қят, Үргениш, Адак, Даўкескен-Вазир, Болдумсаз, Кумкенд (Шемаха қала) ҳәм тағы да басқа қалалары еске түсириледи. Амир Темур Дешти-Қыпшақ далаларынан қайтып киятырып өз әмирлериниң бири Мусака Кавчунға Үргеништи қайтадан тиклеўге буйрық берди [6:119]. Бул қурылыслар орны ҳәзир Таш қала аты менен белгили [7:520]. Қалада үлкен магистрал көше ҳәм оннан ажыралып, тарап кеткен көшелер бойлап саўда ҳәм өнерментшилик устаханалары, монша, чайхана, ушырасыў орынлары жайласқан. Үргениш кейинги дәўирлерде де өз әҳмийетин жойтпаған. Бул орында 1558-жылы Англиялы саўдагер, Москва-Лондон саўда үйиниң агенти Антонио Дженкинсон болған ҳәм өз гезлемелерин сатқан. Ол узын саўда көшесиниң жайласқанын, онда үсти жабық базар (тим, чорсу) барлығын еске түсиреди. Бундай қурылыслар Орта Азияның Орта әсир қалаларында көп болған. Жазба дереклер мағлыўматын археологиялық изертлеўлер жуўмақлары тастыйықлайды. Қалаларда үй-жай, өнерментшилик кварталлары, саўда орынлары ҳәм тағы басқа да қурылыслар болған. Бул жерде қайтадан мәдений раўажланыў басланады. Таш қаланың жоқарғы қатламларынан XV-XVI әсирлерине тийисли Бухарада шығарылған теңгелер ушырасады. Бул Үргениш қаласының Бухара менен саўда қатнасларын алып барғанын көрсетеди. Темурий Мырза Улуғбек заманында Бухара Орта Азиядағы жетекши теңге шығарыў орайларының бирине айналды. Сол заманда Хорезмге Темурийлар теңгелери көп келген. Бул ҳаққында профессор М.М.Мамбетуллаев тәрепинен Хийўа қаласында табылған теңгелер ғәзийнеси исенимли мағлыўмат береди. Хийўа ғәзийнеси теңгелери: Самарқанд, Азербайжан, Ардебил, Астрабад, Багдад, Баку, Бамиан, Герат, Дербенд, Йазд, Исфахан, Кашан, Казвин, Керман, Кумм, Саввах, Султания, Шабанкара, Шемаха, Харран, Гисарда шығарылған ҳәм саўда арқалы Хорезм қаласы Хийўаға келип қалған [8:106]. Үстирт шетинде жайласқан Даўкескен-Вазир естелигинде де Темурийлер заманының теңгелери табылған. Майда мыс теңгелерде қус ҳәм ҳайўанлардың сүўрети бар. Бундай теңгелер Темурийлерге тийисли болып олар Бухара, Балх, Самарқанд қалаларында шығарылған ҳәм саўда жолы арқалы тарқалған [9:48].

Амир Темур тарийхшысы Ибн Арабшах өзиниң «Темур тарийхы» китабында Темурийлер дәўиринде Үстирт арқалы Қырымға шекем саўда жолы болғанлығын жазып қалдырған. Бундай кәрўан жолы Хорезм-Бухара арасында да Темурийлер заманында пайдаланылған. Усы жолдағы мәсканлардың

бири Се-поя (Үш ошак). Темур тарийхшыларының бири Нызамаддин Шами «Зафарнама» («Темур зафарнамасы») китабында Амир Темурдың Хорезмге биринши (1972-ж.), үшинши (1378-ж.) жүрислери ҳаққында жазып Мавереннахрдан (Бухара) Кятқа (Беруний) шекемги жайлардың бирин Се пойя деп атайды [6:119]. Ибн Арабшах, Шарафуддин Али Йазди ҳәм 1438-жылы Хорезмге (Үргенишке) келип саўда ислеген Шыраз қаласы (Иран) саўдагери Мухаммед Хожа дереклери бизиң пикиримизди және де толықтырады.

Солай етип, биз ерте Орта әсирлерден баслап Амир Темур ҳәм Темурийлер дәўиринде ҳәм бурынғы заманлардағыдай Арал бойы, Хорезмнен Батысқа (Үстирт арқалы), Шығысқа (Мавереннахр арқалы) кететуғын саўда жоллары ҳәм олардың бойындағы қалалар мәдениятының раўажланыўда болғанын көремиз.

**Әдебиятлар**

1. Хожаниязов Г.Х. О культурных связях средневековой Средней Азии с Китаем (по материалом Южного Приаралья) // Вопросы археологии, этнографии и истории Южного Приаралья / Материалы Международной научно-теоретической конференции. – Нукус: «Каракалпакстан», 2011.
2. Кдырниязов О.Ш. Хоразм воҳаси урбанистик цивилизация тарихи (Илк ўрта аср). -Нукус: 2015.
3. УзСЭ. 11-китап. -Тошкент: 1978.
4. Буюк сиймолар, алломалар. 1-китоб. -Тошкент: 1995.
5. Темур тузуклари. – Тошкент: 1991.
6. Шарафуддин Али Йазди. «Зафарнома». – Тошкент: 1992.
7. Федоров-Давыдов Г.А. Раскопки квартала XV-XVII вв. на городище Таш кала // Труды ХАЭЭ. Том II. – М.: 1958.
8. Мамбетуллаев М.М., Хожаниязов Г.Х. Хивинский клад //Вестник ККОАН РУз. 2004. №1-2.
9. Хожаниязов Г., Хакимниязов Ж. Городище Дакескен-Вазир. –Нукус: 1993.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада Буюк Ипак йўлидаги ва Устюрт текислигидаги савдо йўлларнинг йўналишлари, иқтисодий, савдо-сотиқ маданиий алоқалар натижасида пайдо булған шаҳарлар, карвон-саройлар, минорларнинг вужудга келиши ҳақидаги археологик ва ёзма манбалар маълумотлари берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы направления торговых путей, торгово-экономические и культурные связи, возникновение городищ, караван-сараев, сигнальных башен по трассе ВШП на отрезке вдоль чинка и на плато Устюрт. В работе привлекаются письменные источники.

**SUMMARY**

The article deals with the questions of the directions of trade ways, trade-economic and cultural relationship, origin of towns, caravan-shed, signal towers on the route Great Silk Road and on the Plateau Ustyurt. The written sources have been used in the work.

## КЎҲНА УРГАНЧ – ШАРҚ МАДАНИЯТИ МАРКАЗЛАРИДАН БИРИ

**Б.К.Турганов** – *тарих фанлари номзоди*

*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*

**Таянч сўзлар:** Хоразм, ўрта аср, ёзма манбалар, археологик материаллар, шаҳарлар, саёҳатчилар, илм-фан, таълим, тўқимачилик, хунармандчилик, савдо- иқтисодий муносабатлар, ҳунармандчилик маҳаллалари.

**Ключевые слова:** Хорезм, средние века, письменные источники, археологические материалы, города, путешественники, наука, образование, ткачество, ремесло, торгово - экономические отношения, ремесленные кварталы.

**Key words:** Khorezm, medieval, written sources, archaeological materials, cities, travellers, science, education, weaving, handicraft trade-economic relations, handicraft villages.

Марказий Осиёдаги қадимий шаҳарлардан бири Кўҳна – Урганчдир. Шаҳар қарийб 2500 йиллик тарихга эга бўлиб, илк маълумотлар Хитой манбаларида Юе-Гань (Урганч) номи билан учрайди

Хоразм археологик экспедицияси томонидан 1952 йилги Кўҳна–Урганч шаҳридаги тадқиқотлар жараёнида Хоразмшоҳлар, Олтин Ўрда, Темурийлар ва сўнгги ўрта асрларга оид маданий қатламлар очилди. Айниқса, ёдгорликда IX-XVII асрларга оид бой маданий қатламлари сақланган. Кўҳна - Урганчнинг Қирқ-мулла тепалигида 1989-1992 йиллардаги тадқиқотлар шаҳар ёши ёзма манбалардаги маълумотларга нисбатан қадимий, яъни мил. ав. V-II асрларда асос солинганлигини кўрсатади. Бу эса ўз навбатида ёдгорлик 2500 йиллик тарихга эга, қадимий шаҳар бўлганлигидан гувоҳлик беради.

Маълумки, Хоразм араблар истилоси даври (VIII аср боши)да иккига ажратилган. Бу даврда Жанубий Хоразм маркази Кот шаҳри бўлса, Шимолий Хоразм пойтахти Журжония (Урганч) шаҳри эди. Урганч ҳокими Маъмун ибн Муҳаммад 995 йилда Хоразмни ягона давлат сифатида бирлаштиради [1:156].

Кўҳқа – Урганчнинг Шарқдаги йирик маданий марказлардан бирига айланиши IX-X асрлардаги сиёсий ва маданий – иқтисодий омилларга боғлиқ бўлиб ҳисобланади. Ўша давр манбаларида Урганч шаҳри Марказий Осиёдаги йирик маданий марказлардан бири сифатида эътироф этилади. Муаллифлардан Ат-Табарий (839-923) араблар босқинчилиги давридаги Урганчни Хоразмдаги йирик учта шаҳардан бири сифатида келтириб ўтади [6:235]. Сайёҳ Истаҳрий (930 -933 йй.) Хоразмдаги ўн учта шаҳарни санаб ўтади. Улардан Урганч ҳақида ёзишича, «… Бу Хоразмда пойтахт (Кот шаҳри)дан сўнгги катта марказ: шаҳар ғузлар билан савдо жойи ва у ердан сўнг савдо карвонлари Журжон, хазарларга, Хозораспга жўнайди». Муаллифи номаълум «Худуд ал-Алам» асарида (X аср) Хоразмдаги тўққиз шаҳар номи келтирилади. Улардан Урганч тўғрисида «Урганч қадимда Хоразмшоҳлар (Африғийлар)га тегишли шаҳар бўлиб, ҳозир унинг ўз ҳукмдори (Амир) бор, шаҳар жуда бой, Туркистон дарвозаси, савдогарлар учрашадиган жой» -дея таърифланади [5:216].

Географ олим Ал-Муқаддасий (985 йй.) воҳадаги ўттиз иккита шаҳар номини келтиради. Муаллиф Урганч шаҳри тўғрисида: «Журжония (Урганч) Хуросон томондаги бош шаҳар, …У Хоразм пойтахти - дарё соҳилида жойлашган дея унинг топографияси, ал-Маъмун даврида қурдирилган сарой ва унинг чиройли арклари ҳақида маълумотлар бериш билан бирга,- у (Урганч) жойдан Замахшар, Жигарбанд, Жаз, Жит (Пулжой) орқали «Катта йўл (Буюк ипак йўли тармоғи)» ўтган»-дея бир қанча батафсилроқ маълумот беради [5:202].

Кўриниб турибдики, Хоразмда X асрдан урбанизацион жараёнлар юксак даражада тараққий қилган.

Айниқса, Урганч Ануштакинлар сулоласи ҳукмронлиги даврида (1097-1231) Шарқдаги йирик иқтисодий ва маданий марказлардан бири сифатида гуркираб ривожланди. Албатта, ўша даврдаги воҳа шаҳарлари тараққиётида Хоразмнинг Шарқдаги йирик, қудратли давлатлардан бирига айланиши асосий омиллардан бири бўлса, иккинчидан халқаро савдо-сотиқнинг ривожланиши шаҳарларда ҳунармандчилик маҳсулотларини ишлаб чиқариш муносабатларини рағбатлантирди. Ўша даврда Урганчликлар томонидан яратилган ҳунармандчилик буюмлари Шарқ давлатларида юксак баҳоланади.

Бу ҳақида муаллифлардан ал-Кураши (XIII аср боши) Хоразм шаҳарларида тахминан 50 га яқин ихтисослашган ҳунармандчилик соҳалари мавжудлигини, Закарийа ал-Казвини (XIII аср) эса, «Гурганч (Кўҳна-Урганч) аҳолиси моҳир ҳунармандлар, айниқса, темирчилик, дурадгорлик ва бошқа соҳалар ўз замонасида юксак ривожланган» дея таърифлайди [2:102,228]. Шаҳар ҳунармандлари нафақат маҳаллий хом-ашёдан буюмлар ясашган, балки ташқаридан келтириладиган фил суяги ва эман дарахтидан бадиий ўймакорлик маҳсулотларини ясашда ҳам жуда моҳир бўлишган.

Ўрта асрларда кенг тарқалган ва тараққий қилган ҳунармандчилик соҳаларидан бири тўқимачилик бўлган. Ал-Муқаддасий, Ал-Истахри ва «Худуд ал-Олам» асарларида ёзилишича, X асрда Урганчдан ташқи савдога пахта (карбос), жун матолари, қимматбаҳо гиламлар, «арзанж» -деб номланган пахта газламаси чиқарилган [5:180,216]. XIII аср муаллифлари Шиҳобуддин Муҳаммад ан-Нисовий, Закарийа ал-Казвини, Жувайний, Рашидуддин ибн Фазлуллоҳ маълумотларига кўра, Гурганж шаҳрида табиий ипакдан газламалар тайёрловчи ҳунармандчилик устахоналари фаолият кўрсатишган [2:102,228].